



District Services Center

SPRING LAKE PARK SCHOOLS

High expectations, high achievement for all. No excuses.

Chè Paran oswa Responsab,

Chak ane, elèv ki nan pwogram elèv k ap aprann anglè yo fè tès metriz lang ACCESS for ELL la. Tès la mezire nivo metriz lang Anglè akademik pou elèv k ap aprann anglè nan lekòl nou an ak nan tout eta nou an.

Gen yon Kanè Elèv Endividiyèl ansanm ak lèt sa. Rapò sa bay enfòmasyon sou rezilt tès ptit ou an. Se pou ou revize epi kenbe enfòmasyon sa.

Pwofesè nan lekòl nou yo itilize enfòmasyon sa pou ede yo pran desizyon sou enstriksyon pou ptit ou an. Pwofesè yo itilize nòt tès sa yo tou pou kontwole pwogrè ptit ou an fè nan metriz lang anglè.

Tanpri kontakte m si ou gen kesyon sou tès ACCESS for ELL la. Ou ta ka vle konnen:

- Kijan pwofesè yo itilize rezulta tès yo?
- Ki objektif lang anglè ptit mwen an?
- Anplis anglè a, ki lòt bagay ptit mwen an aprann nan lekòl la?

Sensèman,

Kelly Stewart
Coordinator of Learning Analytics and Assessment
Spring Lake Park Schools

For additional translated documents, please go to our [SLP Assessment website](#).

Haitian Creole